# आकाशवाणी, गोरखपुर

## दिनांक–30 अगस्त 2025 भोजपुरी समाचार

केन्द्रीय रक्षा मंत्री राजनाथ सिंह अउर मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ आजु नोएडा में रक्षा उपकरण आ ड्रोन निर्माण इकाई राफे–एम क लोकार्पण कइलें। येह मौका पर राजनाथ सिंह कहलें कि ई निरमाण इकाई रक्षा क्षेत्र में वैज्ञानिक क्रान्ति क उदाहरण बनी। एइजा बने वाले अद्वितीय ड्रोन देस खातिर भविष्य क बड़हन उपलब्धि होई। लोकार्पण समारोह में मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ युद्ध क बदलत तरीका अउर रक्षा क्षेत्र में देस के आत्म निरभरता का जिकिर करत कहलें कि हलिये में ऑपरेसन सिंदूर के जरिया से भारत पूरा दुनिया के अपने सामर्थ्य क एहसास करवले हवे। येह मौका पर चीफ ऑफ डिफेंस स्टॉफ अनिल चौहानो मौजूद रहले।

**********

केन्द्रीय इलेक्ट्रानिक्स अउर सूचना प्रौद्योगिक मंत्री अश्विनी वैष्णव आजु नोएडा में देस क पहिला टेंम्पर्ड ग्लास निर्माण संयंत्र क उद्घाटन कइलें। येह मौका पर श्री वैष्णव कहलें कि भारत पछिला कुछु बरिस में इलेक्ट्रानिक्स विनिर्माण में उल्लेखनीय प्रगति कइले हवे।

***नरेन्द्र मोदी जी के मेक इन इंडिया प्रोग्राम के तहत इलेक्ट्रॉनिक्स मैन्युफैक्चरिंग देश में बहुत बड़ी मात्रा में पिछले 11 वर्षों में बढ़ी है। इलेक्ट्रॉनिक्स प्रोडक्शन करीब 6 गुना बढ़ा है, इलेक्ट्रॉनिक एक्सपोर्ट्स करीब 8 गुना बढ़ा है इन्हीं 11 वर्षों में। चाहे मोबाइल हो, लैपटॉप हो, सर्वर हो, हार्डवेयर के दूसरे कम्पोनेंट हो, राउटर हो उन सब की मैन्युफैक्चरिंग भारत में स्टार्ट हुई है।***

**********

देस क वास्तविक सकल घेरलू उत्पाद–जीडीपी वर्तमान वित्त बरिस के अपरैल–जून तिमाही में सात दसमलव आठ फीसदी के दर से बढ़ले क अनुमान बा। ई पांच तिमाही में सबसे बेसी बा। सांख्यिकी अउर कार्यक्रम कार्यान्वयन मंत्रालय की ओरि से जारी अनुमान क स्वागत करत केन्द्रीय मंत्री हरदीप सिंह पुरी कहलें हवे कि भारत सुधारन से प्रेरित वैस्विक विकास इंजन हवे। दुनिया क सबसे तेजी से बढ़त अर्थ–व्यवस्था हवे अउर ई आकड़ा सानदार बा।

***हमारी जो अर्थव्यवस्था है, 2014 में टू ट्रिलियन डॉलर की थी, 11वें स्थान पर थे विश्व भर में, हम फिर पांचवें स्थान पर पहुंचे, आज चौथे स्थान पर हैं और कुछ ही समय में हमारी जो अर्थव्यवस्था है जीडीपी विश्व भर में तीसरे स्थान पर आएगी।***

**********

प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी बिहने भिन्नही ग्यारह बजे आकाशवाणी से मन की बात कार्यक्रम के जरिया से देस बिदेस के लोगिन के संबोधित करिहें। ई येह कार्यक्रम क एक सौ पचीसवीं कड़ी होई। ई कार्यक्रम आकाशवाणी अउर दूरदर्शन क सज्जों नेटवर्क, आकाशवाणी समाचार के वेबसाइट अउर न्यूज ऑन ए आई आर मोबाइल एप पर सोझे प्रसारित होई।

**********

मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ आजु भिन्नही बनारस के सर्किट हाउस में जनता दरसन क आयोजन कइ के आम लोगिन क समेस्या सुनलें। सौ से बेसी लोगिन से मुलाकात कइ के मुख्यमंत्री उनकरे समेस्या क जल्दिये निपटारा कइले क निरदेस जुड़ल अधिकरियन के दिहलें। जनता दरसन के दौरान मुख्यमंत्री कहलें कि नागरिकन क सेवा, सुरक्षा अउर सम्मान ही सरकार क उद्देश्य हवे। सबकरे समेस्या क समाधान कइ के प्रदेस के हर नागरिक के चेहरा क खुसहाली ले आवे खातिर सरकार लगतारे कोसिस कइ रहल हवे।

**********

उत्तर प्रदेस अधीनस्थ सेवा चयन आयोग–यूपी एसएसएससी गुगल प्ले स्टोर पर नया इन्ड्रायड मोबाइल एप लॉन्च कइले हवे। यूपी एसएसएससी नाव के येह एप से अभ्यर्थी परीक्षा से जुड़ल हर जनकरी सोझे अपने मोबाइल पर पा सकिहें। आयोग के हिसाबि से प्रारंम्भिक अर्हता परीक्षा छौ अउर सात सितंबर के प्रदेस के अड़तालिस जिलन में दुइ पाली में होई। येह परीक्षा में पचीस लाख से बेसी अभ्यर्थी सामिल होइहें, ओहर परिवहन निगम यूपी एसएसएससी क प्रारंम्भिक अर्हता परीक्षा में अभ्यर्थी खातिर ग्याहर हजार से बेसी बस चलवले क फइसिला कइले हवे।

**********

अजोध्या में एक बार फिरो दीपोत्सव के भव्य आयोजन के साथे विस्व रिकॉर्ड बनवले क तइयारी कइल जा रहल हौ। प्रदेस सरकार येह बेरि राम की पैड़ी पर दीपोत्सव क नौवां आयोजन के दौरान छब्बीस लाख ग्यारह हजार दीया बरले क लक्ष्य रखले हवे। एकरे सथहीं अट्ठाइस लाख दीया बिछवले क योजना बनावल गइल हौ। दीया के सजवले अउर बरले खातिर बत्तीस हजार स्वंय सेवक लगावल जइहें।

**********

प्रदेस के कई गो जिलन में अबहिनो नदी उफान पर हवे। राहत आयुक्त कार्यालय से मिलल जनकारी के हिसाबि से येह समय राज्य क अट्ठारह जिला बाढ़ से प्रभावित हवे। येह बिच्चे मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ आजु गाजीपुर के बाढ़ प्रभावित इलाकन क हेलिकाप्टर से हवाई सर्वेक्षण कइलें। एकरे बादे उहां के अधिकरियन के दिसा निरदेस जारी करत कहले हवें कि बाढ़ प्रभावित लोगिन के कउनहू तरह क असुविधा न होखे, एकरे खातिर हर तरह क कोसिस कइल जाए। ओहर, जौनपुर जिला में भारी बरखा के नाते जिलाधिकारी के आदेस पर कक्षा एक से बारह तक ले क सज्जो विद्यालयन में सैक्षणिक कार्य स्थगित रहल ।

**********